

KidCare Konnection

Yon bilten enfòmasyon ki soti chak twa mwa pou moun ki enskri nan Florida KidCare yo

P.O. Box 980
Tallahassee, FL 32302-0980

Ete 2010
Volim 2, Nimewo 2


FÈ ANSÒT POU TIMOUN YO PARE POU LEKÒL KI PRAL RANTRE!

Lè a rive ankò! Timoun ak paran toupatou nan Florida ap prepare pou lekòl ki pral rantre. Li enpòtan pou w fè ansòt pou timoun nou yo pare epi pou yo an bòn sante pou lekòl.

Chak ane, timoun rate plis pase 51 milyon èdtan lekòl poutèt maladi nan dan ak jansiv. Èdtan sa yo ki pèdi a ka vle di pitit ou ap anreta nan travay lekòl li. Anplis, prèske 25 pousan nan timoun yo gen pwoblèm je, ki fè li difisil pou yo li ak konprann travay lekòl yo. Anvan lekòl rantre, fè ansòt pou vaksinasyon timoun yo ajou, mennen yo nan vizit kay doktè pou timoun ki an bòn sante, pou tcheke je yo epi mennen yo kay dantis. Florida KidCare kouvri tout sèvis sa yo. Kontakte plan asirans sante w pou plis detay.



Fl♥rida KidCare



Yon enkyetid anmwens pou paran yo

Yon avni pi briyan pou timoun yo

Nan nimewo sa a:

Fami w okipe ap pran plezi pandan ete a, men pa bliye kenbe enfòmasyon Florida KidCare ou ajou.

Jwenn detay yo nan nimewo Ete 2010 KidCare Konnection lan.

Nan nimewo sa a

- Nouvo opsyon pou fè pèman ak lajan kach
- Sa ki enpòtan pou sonje konsènan KidCare
- Bon jan obèn pou vakans an fanmi
- Sekirite nan pak kote timoun jwe

KOULYEYA, OU KA FÈ PEMAN AK LAJAN!

Florida KidCare ajoute yon nouvo opsyon pou peman pa mwa yo -- lajan kach. Fanmi yo ka fè peman Florida KidCare yo ak lajan kach nan yon biwo "Fidelity Express" Gen apeprè 600 biwo Fidelity Express ki disponib toupatou nan eta a. Pou jwenn yon biwo Fidelity Express, fanmi ki gen fasilite pou entènèt yo kapab ale nan: www.fidelityexpress.com. Ap gen yon frè \$2 pou sèvis pratik sa a pou chak peman ki fèt ak lajan kach.

Pou fè peman ak lajan kach, swiv prensip sa yo :

- Ale nan youn nan plizyè biwo pratik Fidelity genyen pou peye bòdwo yo. Ou ka jwenn yo nan www.fidelityexpress.com.
- Yon anplwaye ap pase kupon Florida KidCare la nan eskanè a epi lap rantre enfòmasyon sou peman an.
- Wap fè peman ou lan. Fidelity gen otorizasyon pou l aksepte lajan kach sèlman pou Florida KidCare.
- Si w pa gen yon kupon, ou dwe gen nimewo kont fanmi an ki gen 10 chif ladann lan pou anplwaye a. Si w pa gen yon kupon oswa si w pa gen nimewo kont fanmi ou lan, anplwaye a pap aksepte peman lajan kach la.
- Anplwaye ap remèt ou kupon ou la (si w te bay youn) ak resi a pou w kenbe nan dosye w yo
- Tanpri verifye enfòmasyon ki nan resi a ak sa ki nan kupon an anvan ou soti nan magazen an.



FLORIDA KIDCARE AP FÈ W SONJE:

Mete adrès ou yo ajou: Tanpri sonje pou mete adrès ou ajou, mete nimewo yon kay ak non yon lari olye pou mete yon wout riral. Nou pa ka voye papye enpòtan plans asirans sante w ak Florida KidCare nan wout riral paske biwo postal pa fè livrezon kote sa yo ankò. Mete kont ou genyen sou entènèt la ajou nan www.healthykids.org/account oswa rele 1-800-821-5437.

Chèk postal/chèk regilye: Tanpri mete nimewo kont ou sou chèk regilye yo ak sou chèk postal yo. Nou ka anrejistre peman ou lan touswit posib.

Sonje pou w renouvle: Fanmi Florida KidCare yo dwe renouvle kont yo chak ane pou yo ka kontinye asirans lan. Nou va fè w konnen pa lapòs kilè pou w renouvle. Fanmi kap renouvle yo kapab jwenn aksè nan kont yo genyen sou entènèt la nan www.healthykids.org/account.

YON SÈL NIMEWO KIDCARE, TOUT LANG: 1-800-821-5437

PRAN PREKOSYON NAN PAK KOTE TIMOUN JWE AK EKIPMAN POU ESPÒ KI CHO

Pwochè fwa pitit ou ale nan pak kote timoun jwen, pran prekosyon ak glisad yo. balanswa yo, boul yo ak baton yo, eksetera k cho. Atik sa yo ka chofe jiska pi plis pase 130 degre pandan ete a. Kalite chalè sa a ka boule po nan yon kesyon segonn sèlman.

Dènyèman, yon timoun nan lowa te boule odezyèm degre nan yon glisad ki te cho. Glisad nan Florida ki toujou gen solèy yo ka vin pi cho toujou!

Pou pwoteje pitit ou yo, eseye jwenn kote ki nan lonbraj pou timoun yo jwe. Si lonbraj la pa yon opsyon, eseye rafrech kote a ak dlo frèt.

Si pitit ou vin fraktire grav nan nenpòt aktivite, ou dwe rele 911 oswa ale nan saldjans.

Anplis vizit kay doktè yo, asirans Florida Healthy Kids kouvri swen nan saldjans.

Kontakte plan asirans sante w la pou detay yo.



BÈL OBÈN POU VAKANS AN FANMI

Kounyeya se ETE! Timoun yo deyò epi tanperati a bèl, kifè reyini fanmi a ansanm epi al fè yon vwayaj. Sa parèt byen, men e presyon vwayaj an fanmi yo mete sou pòch a?

VISIT FLORIDA gen kèk obèn pou rezidan Florida yo kap ba w repodespri epi kap mete pòtfèy ou alèz. Vizite www.visitflorida.com/deals pou rabè sou tout bagay depi sou tikè pou teyat/cho jiska nwit gratis nan otèl.



Fl♥rida KidCare

P.O. Box 980
Tallahassee, Florida 32302-0980

Kontakte nou

**nan nimewo telefòn pou jwenn
enfòmasyon nan
Florida KidCare la:**
1-888-540-5437

**Depatman Sèvis Kliyantèl nan
Florida KidCare:**
1-800-821-5437

www.floridakidcare.org

KidCare Konnection se yon bilten enfòmasyon gratis Florida Healthy Kids Corporation pibliye chak twa mwa

NONPROFIT ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
TALLAHASSEE, FL
PERMIT NO. 911

Fl♥rida KidCare

Tcheke nou sou entènèt la nan
www.floridakidcare.org!

ÈSKE W TE KONNEN?

OU KAPAB SWIV NOU NAN REZO SOSYAL YO!

Florida Healthy Kids, yon patnè Florida KidCare, sou Facebook, Twitter epi li gen yon blòg! Swiv nou pou enfòmasyon ki ajou sou asirans sante ak konsèy sou sante:

- www.twitter.com/flhealthykids
- www.facebook.com/flhealthykids
- www.flhealthykids.wordpress.com



 Find us on
Facebook